**दिन—सोमवार** **दिनांक—28.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

बिहार मे मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण— एसआईआर अभियान के आपस लेबाक मांग सहित विभिन्न मुद्दा के लऽकऽ विपक्षीक सदस्य लोकनि होहल्ला के बाद संसदक दुनू सदनक कार्यवाही बाधित भेल। लोकसभा के कार्यवाही पहिने बारह बजे धरिक लेल आ पुनः एक बजे धरिक लेल स्थगित कऽ देल गेल। एम्हर राज्यसभाक कार्यवाही पहिने बारह बजे धरिक लेल पुनः दोपहर दू बजे धरिक लेल स्थगित कऽ देल गेल। पहिल स्थगन के बाद जखन लोकसभा के कार्यवाही शुरू भेल तखन विपक्षी सदस्य लोकनि बिहार मे विशेष गहन पुनरीक्षण के आपस लेबाक मांग सहित विभिन्न मुद्दा पर पुनः नाराबाजी शुरू कऽ देलनि। लोकसभा अध्यक्ष ओम बिड़ला विपक्षी सदस्य लोकनि सँ प्रश्नकाल चलऽ देबाक आग्रह करैत कहलनि जे ई एक महत्वपूर्ण काज अछि आ एहि मे विपक्ष के अवश्य भाग लेबाक चाही।

---

सर्वोच्च न्यायालय बिहार मे मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण के लेल निर्वाचन आयोगक अधिसूचित कार्यक्रमक अनुसार पहिल अगस्त के मतदाता सूची के प्रारूप प्रकाशित करबा पर रोक लगेबा सँ इंकार कऽ देलक अछि। एहि मामिला पर विस्तृत सुनवाई बाद मे होयत। एसोसिएशन फॉर डेमोक्रेटिक रिफॉर्म्स न्यायालय सँ प्रकाशन रोकबाक अनुरोध कयने छल।

---

निर्वाचन आयोग स्पष्ट कयलक अछि जे नोटिस देने बिना मतदाता सूची सँ कोनो मतदाता के नाम नहि हटाओल जायत। आयोग कहलक जे प्रारूप मतदाता सूची सँ नाम हटेबा सँ पहिने निर्वाचक निबंधन पदाधिकारी अथवा सहायक निर्वाचक निबंधन पदाधिकारी मतदाता लोकनि मे नोटिस पठौताह। जँऽ मतदाता ईआरओ के निर्णय सँ असहमत होयत छथि तऽ ओ जिलाधिकारी आ ओकर बाद मुख्यनिर्वाचन पदाधिकारी के समक्ष अपील कऽ सकैत छथि। एहि मध्य आयोग कहलक अछि जे मतदाता सूची के विशेष गहन पुनरीक्षण के अंतर्गत सात करोड़ नवासी लाख मतदाता लोकनि मे सँ एकानवे दशमलव छओ—नओ

प्रतिशत मतदाता लोकनि अपन गणना प्रपत्र जमा कऽ देलनि अछि। सत्यापन के दरमियान लगभग बाईस लाख मतदाता मृत पाओल गेलाह अछि। सात लाख मतदाता एक सँ बेसी ठाम पर नामांकित पाओल गेलाह आ लगभग छत्तीस लाख मतदाता या तऽ स्थायी रूप सँ पलायन कऽ गेल छथि अथवा हुनकर कोनो जनतब नहि भेटि रहल अछि। लगभग पैंसठि लाख मतदाता लोकनिक नाम निर्वाचक सूची सँ कटबाक संभावना अछि। विशेष पुनरीक्षण के आधार पर एक अगस्त के मतदाता सूचीक प्रारूप प्रकाशित कयल जातय आ एक सितंबर धरि मतदाता आ राजनीतिक दल सभ सँ दावा—आपत्ति लेल जायत।

—————————————————————————

राजधानी पटना सहित लऽगपासक क्षेत्र मे काल्हि राति तेज हवा के संग मूसलाधार वर्षा भेल। भारी वर्षा के कारण कतेको ठाम भीषण जलजमाव के स्थिति भऽ गेल अछि। तेज हवा के कारण कतेको गाछ आ बिजली के खंभा उखड़ि गेल अछि। एहि सँ जतऽ एक दिस आवागमन प्रभावित भेल अछि ओतहि, बिजली आपूर्ति सेहो बाधित भेल अछि। पटना जंक्शन पर रेलवे ट्रेक पर पानि आबि गेला सँ कतेको ट्रेनक परिचालन प्रभावित सेहो भेल अछि। एम्हर, मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे एखन पटना, शेखपुरा, बेगूसराय सहित राज्यक दक्षिण—मध्य हिस्सा मे तेज हवा के संग लगातार वर्षा भऽ सकैत अछि। ओतहि, दरभंगा, समस्तीपुर, सीतामढ़ी, सुपौल आ वैशाली जिला मे किछु ठाम भारी वर्षा हेबाक चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

—————————————————————————

राज्यक विभिन्न क्षेत्र आ नेपाल के तराईबला भाग सभ मे लगातार भऽ रहल वर्षा के कारण गंगा, कोसी, गंडक आ बुढ़ी गंडक सहित विभिन्न नदी सभक जलस्तर मे वृद्धि दर्ज कयल गेल अछि। एहि सँ नदी के लऽग पासक क्षेत्र आ निचुलका इलाका मे बाढ़िक खतरा बनल अछि। गंगा नदी के जलस्तर पटना के गांधी घाट आ हाथीदह मे खतराक निशान सँ ऊपर आ भागलपुर के कहलगांव मे चेतवानी स्तर के बराबर बनल अछि। पुनपुन नदी पटना के श्रीपालपुर मे लाल निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। ओतहि, गंडक नदीक जलस्तर गोपालगंज के डुमरिया घाट मे चेतावनी स्तर के पार कऽ गेल अछि। बुढ़ी गंडक नदी के जलस्तर खगड़िया मे खतराक निशान सँ ऊपर बनल अछि। कोसी नदी खगड़िया के बलतारा आ कटिहारक कुर्सेला मे चेतावनी स्तर के ऊपर बहि रहल अछि।

—————————————————————————

आइ साओन मासक तेसर सोमवारी अछि। एहि अवसर पर मंदिर आ शिवालय सभ मे भोरहि सँ भगवान शिव के जलाभिषेक करबाक लेल भक्त लोकनिक भीड़ लागल अछि। पूरा

वातावरण ओम नमः शिवाय के मंत्रोच्चार सँ गुंजि रहल अछि। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे दरभंगा के कुशेश्वर स्थान, मधुबनी के कपिलेश्वर महादेव, मुजफ्फरपुर के गरीबनाथ सुल्तानगंज के अजगैबीनाथ मधेपूरा के सिंहेश्वर स्थान, सोनपुर के हरिहरनाथ, पटना के बैकटपुर धाम, सुपौल के तिलहेश्वर स्थान, सहरसा के मटेश्वरनाथ आ रोहतास के गुप्ताधाम सहित विभिन्न मंदिर सभ मे वृहत संख्या मे श्रद्धालु लोकनि भगवान शिवक पूजा—अर्चना कऽ जलाभिषेक कऽ रहल छथि। एम्हर, भागलपुर के सुल्लतानगंज मे भारी संख्या मे कावड़िया लोकनि उत्तर वाहिनी गंगा के जल लऽकऽ झारखंड के देवघर स्थित बाबा बैद्यनाथ के जलाभिषेक कारबाक लेल पहुँचि रहल छथि।

———————————————————————————

समाप्त